

# GID POU SOUMÈT YON RAPÒ

Ou dwe rapòte tout lajan ke kanpay ou a te kolekte epi depanse bay Komisyon pou Finans Kanpay (CFB) la sou fòm deklarasyon divilgasyon, ke yo dwe voye selon yon règleman ke yo ap jwenn [isit](#). Yon deklarasyon se yon rapò ke ou prepare epi ou soumèt lè w itilize [C-SMART](#) pou divilge aktivite finansye kanpay ou a bay piblik la. Yon rapò divilgasyon gen tranzaksyon **ak** dokimantasyon ke ou te telechaje sou C-SMART.

Ou dwe divilge tout kontribisyon yo nan peryòd deklarasyon an nan peryòd kote ou te resevwa yo a (ke yo konnen sou non peryòd divilgasyon), sa gen ladan l dokimantasyon, oswa yo p ap koresponn ak fon piblik yo. Ou dwe deklare tou tout depans padan peryòd deklarasyon an kote yo te angaje yo menmsi yo poko peye yo. Si ou pa gen aktivite finansye pandan yon peryòd ki prevwa pou ou soumèt yon rapò, ou dwe soumèt yon deklarasyon divilgasyon kanmenm.

Itilize lis kontwòl sa a pou gide ou nan pwosedi yo epi pou itilize pi bon pratik yo anvan pou w soumèt deklarasyon w lan. Kontakte Ajan Lyezon w ki responsab Sèvis pou Kandida yo pou konnen egzijans espesifik konsènan kanpay ou a.

## 1. ÒGANIZE DOKIMANTASYON KANPAY OU A

*Pandan kanpay ou a, ou ta dwe rantrè done yo epi telechaje dokiman yo regilyèman nan C-SMART. Y ap bay yon nimewo idantifikasyon pou chak tranzaksyon ke ou rantrè nan C-SMART; ekri nimewo sa a sou chak dokiman ki gen rapò ak yon tranzaksyon an patikilye. Konsilte [Èd C-SMART](#) la pou jwenn èd pou rantrè epi modifye tranzaksyon yo, telechaje dokimantasyon ansanm ak kreye epi soumèt divilgasyon an.*

Avèk chak deklarasyon divilgasyon, kanpay yo dwe telechaje dokimantasyon sa a:

### DOSYE LABANK YO

- Relve labank ofisyèl yo (rive jis nan dènye relve ke ou te resevwa a; telechaje tout paj yo, menmsi yo blanch)
- Fich depo ki detaye (ki endike kantite lajan ki te depoze kach apa de kantite lajan ki te depoze ak chèk epi ak manda/virman)
- Relve kont komèsan yo (si li aksepte kontribisyon apati kat kredi otreman ke apati [Contribute](#), platfòm kontribisyon apati kat kredi CFB a)
- Relve kat kredi (nan ka kote yo itilize yon kat kanpay pou fè depans, ki pa rekòmande)

## KONTRIBISYON YO

Kanpay yo oblije bay CFB dokiman avèk chak deklarasyon divilgasyon. Pou chak kontribisyon yo reklame pou yon kontrepati, ou dwe voye yon kopi dokimantasyon chak kontribisyon ale, k ap sèvi kòm dokimantasyon bakòp. Dokiman bakòp yo kore valideite chak kontribisyon yo reklame pou yon kontrepati (matche).

Kalite	Dokimantasyon Sipò:
Chèk	Kopi Chèk
Kach	Kopi kat kontribisyon
Manda Postal	Kopi kat kontribisyon ak kopi manda postal
Kat kredi	Prèv tretman apati kat kredi (gade dokiman gid <a href="#">Kontribisyon ki fèt ak Kat kredi</a> )

Byenke kontribisyon sou fòm byen oswa sèvis yo pa sijè yon kontrepati, kanpay yo dwe soumèt yon [Fòm Kontribisyon sou Kontribisyon an Nati \(sou fòm byen oswa sèvis\)](#) ke kontribitè a ap ranpli ak yon resi oswa nenpòt dokiman ki jistifye valè sou mache a kontribisyon an nati (kontribisyon sou fòm yon byen oswa yon sèvis) a.

## DEPANS YO

Tout depans yo dwe rantre nan C-SMART antanke fakti ak pèman fakti. Telechaje dokimantasyon ki montre sa kanpay ou a te achte, metòd pèman an ak prèv travay la, si posib. Dokimantasyon ou konsève pou chak depans dwe ase detay sou objektif ak moman depans lan pou demontre itilizasyon fon kanpay yo pou depans sa te otorize. Kòm rapèl, tout depans yo dwe lye ak kanpay la. Pou jwenn plis enfòmasyon sou depans ki lye a kanpay la, ou kapab al gade chapit 3 [nan tiliv la](#).

- Bòdwo ak fakti
- Resi
- Kontra ak fèy tan
- Dosye pewòl, si w ap itilize yon antrepriz tretman pewòl (Talon chèk, dokimantasyon antrepriz tretman pewòl)
- Bay ak kontra lokasyon yo
- Imaj devan ak dèyè chèk komite a anile
- Prèv transfè elektwonik fon
- Prèv travay (kopi kominikasyon kanpay yo, anrejistreman emisyon, elatriye)

## LÒT DOKIMAN OBLIGATWA POU DEPOZE AK CHAK SOUMISYON (SI SA NESESÈ)

- Dokimantasyon prè yo
- Deklarasyon entèmedyè
- Dokiman pou kont labank ki separe
- Dokiman pou transfè
- Dokimantasyon pou avans ak ranbousman avans, ansanmak [Bòdwo ranbousman avans](#)
- Dokimantasyon pou ranbousman depans yo
- Dokimantasyon pou lòt resi yo
  - ◆ Tranzaksyon kote kanpay ou a resevwa lajan atravè yon mekanis ki pa yon kontribisyon oswa yon prè, tankou enterè ou touche sou kont labank komite a.
- Lis ajan pou ranmase fon yo itilize yo
  - ◆ Yon ajan pou ranmase fon se yon anplwaye kanpay yo peye oswa ki benevòl, k ap travay apentan oswa yon konpayi komèsyal pou ranmase lajan ki responsab pou mande ak aksepte kontribisyon nan non kanpay ou an.

Gen modèl ki disponib pou pifò nan dokiman ki nesesè yo. Jwenn yo sou [paj Fòm ak Modèl yo](#) ak nan [Gid Konsiltan ak Founisè a](#).

## 2. REVIZE AK REKONSILYE TOUT AKTIVITE FINANSYÈ YO NAN C-SMART

*Depi w fin antre done w yo epi w voye dokiman w yo ale, revize tranzaksyon w yo nan C-SMART lè w sèvi ak fonksyon rapò ki detaye anba a anvan w soumèt divulgasyon kanpay ou a.*

Pou kontribisyon yo:

- Sèvi ak rapò sou kontribisyon detaye yo pou revize kontribisyon monetè ou yo pou asire w yo te reklame kontribisyon moun ki abite nan vil Nouyòk yo pou kontrepati (matche) a epi yo vini ak dokiman kontribisyon bakòp ki nesesè yo (jan yo note nan tablo ki anwo a)
- Lye kontribisyon yo ak yon evènman si yo te resevwa yo nan yon ranmasay lajan
  - ◆ Pou antre yon ranmasay fon nan C-SMART, gade [Evènman pou ranmasay fon](#) pou plis enfòmasyon.

Pou kontribisyon yo resevwa atravè platfòm kat kredi [Contribute](#) yo, revize feyè kesyon/reoins [FAQ Contribute](#) yo pou jwenn enstriksyon sou kijan pou voye kontribisyon ale nan C-SMART, reklame yo kòm kontrepati (matche) ak lòt etap ou ka bezwen suiv.

- Verifye si manke nenpòt enfòmasyon sou kontribitè yo lè w itilize rapò Enfòmasyon sou Adrès ki manke yo ak rapò sou Enfòmasyon sou Travay ki manke yo
  - ◆ Enfòmasyon sou travay kontribitè a—pwofesyon, non anplwayè a, ak adrès anplwayè a—obligatwa si yon sèl kontribisyon oswa total plizyè kontribisyon nan menm moun nan depase \$99.
- Verifye si kontribisyon yo soti nan sous ki entèdi oswa si li depase limit lan (epi ranbouse yo)
  - ◆ Nan C-SMART, sèvi ak rapò sa yo nan seksyon Konfòmite nan onglè Rapò yo: Kontribisyon kach ki depase limit la, Kontribisyon ki depase Limit la, ak Kontribisyon ki entèdi.
- Verifye [baz done Doing Business lan](#) pou w ka wè nenpòt kontribisyon doing business ki depase limit la (epi ranbouse yo)
  - ◆ Chèche non kontribitè yo nan baz done Doing Business lan. Limit kontribisyon Doing business yo aplikab si yo jwenn yo nan baz done a nan moman kontribisyon yo. Pou jwenn plis enfòmasyon sou kondisyon doing business yo, ale nan feyè kesyon/repons [Doing Business FAQs](#).

Pou depans yo:

- Etabli yon lyen ant tout depans ki gen rapò ak evènman ranmasay fon yo
  - ◆ Sèvi ak rapò Evènman Ranmasay Fond yo pou w verifye tout enfòmasyon sou evènman pou ranmasay fon yo te antre nan C-SMART.
- Pou asire w ou te rapòte tout depans yo avèk presizyon, verifye depans ou yo lè w sèvi avèk rapò Depans detaye yo pou jwenn yon lis konplè tout depans yo ak Rejis chèk yo pou w jwenn yon lis tout chèk yo bay yo
  - ◆ Tout dèt yo dwe antre menmsi yo poko peye.
- Deklare tout depans ki pètinan yo kòm depans ki egzonere.
  - ◆ Yo pa pran an kont depans ki egzonere yo nan plafon depans kanpay ou a si yo te byen deklare ak dokimante yo.
  - ◆ Frè bank komite ou a fè peye pou kenbe kont ou an, frè chèk yo, frè chak mwa yo, frè depasman yo, yo tout ka reklame kòm frè ki egzonere. Nan C-SMART, seleksyone Kòd Objè Frè Bankè ak Kredi (Bank & Credit Fees Purpose Code) sou Bòdwo epi antre yon montan ki egzonere sou Pèman Bòdwo (Bill Payment) a.
  - ◆ Frè pwosesè kat kredi yo fè peye pou kontribisyon yo kolekte atravè kat debi oswa kat kredi yo, ansanm avèk frè tranzaksyon yo, frè dispit (kontestasyon) yo ak frè transfè yo, yo tout ka deklare antanke frè ki egzonere. Nan C-SMART, seleksyone Kòd Objè Frè Bankè ak Kredi (Bank & Credit Fees Purpose Code) sou Bòdwo epi antre yon montan ki egzonere sou Pèman Bòdwo (Bill Payment) a.

- Asire w aktivite finansye w la koresponn ak sa w rapòte nan C-SMART la: sèvi ak rapò detaye sou kontribisyon yo, depans detaye yo, ak rapò sou likidite yo pou fasilite rapwochman (rekonsilyasyon kont) w lan epi konpare yo ak relve labank ou yo.
  - ◆ Liy ankès nan rapò sou likidite a ta dwe reprezante balans aktyèl labank kanpay ou a si tout aktivite yo te kontabilize sou kont labank ou (yo) epi yo te antre avèk prezilyon nan C-SMART.
- Verifye si ou bezwen soumèt yon modifikasyon nan yon deklarasyon divilgasyon ki te fèt deja anvan
  - ◆ Fè rapò sou Deklarasyon modifiye yo (ki disponib sou onglè Rapò a), oswa nan ekran Deklarasyon Divilgasyon CFB, gade lis deklarasyon divilgasyon ki te modifiye depi dènye soumisyon an.

### 3. SOUMÈT DEKLARASYON DIVILGASYON W LAN BAY CFB

Y ap resevwa deklarasyon divilgasyon, dokiman ak modifikasyon kanpay ou an anvan **5:00 p.m.** nan dat limit deklarasyon an. Pa gen okenn ekstansyon ki posib si gen reta nan soumisyon rapò yo. Gade nan [paj Dat Limit pou Divilgasyon an](#) pou jwenn yon lis konplè dat limit pou sik eleksyon an. Touswit anvan ou soumèt divilgasyon ou a:

- Jenere yon bouyon deklarasyon divilgasyon ou an epi rekonsilye vèsyon preliminè an ak deklarasyon labank ou, dosye kontablite ou, ak dokiman bakòp ou yo.

Pou soumèt deklarasyon divilgasyon nan C-SMART, kandida a oswa trezorye a dwe:

- Verifye epi soumèt deklarasyon divilgasyon w lan epi sèvi avèk fonksyon *Soumèt Divilgasyon* ki anba onglè Soumisyon an.
- Soumèt modifikasyon pou deklarasyon divilgasyon yo te deja depoze epi itilize fonksyon *Soumèt Amanman* ki anba onglè Soumisyon an.

### 4. APRE YO FIN SOUMÈT YON DEKLARASYON DIVILGASYON

Aprè chak deklarasyon divilgasyon, w ap resevwa yon revizyon deklarasyon an ki soti nan men CFB. Kanpay la ap gen opòtinite pou reponn a revizyon an pou l ka korije pwoblèm konfòmite yo, enfòmasyon kontradiktwa ki nan rapò yo, ak reklamasyon kontrepati (matching) ki pa valab yo ki fè ke kanpay ou an pa an konfòmite ak règ yo epi pa elijibi pou resevwa fon piblik. Ou ka resevwa tou notifikasyon doing business, si ou resevwa nenpòt kontribisyon ki depase limit doing business nan men moun ki nan Baz done Doing Business yo, ak avi rekonsilyasyon bankè, ki bay lis tout diferans ki genyen ant rapò kanpay la ak relve labank yo.

Yo ankouraje kanpay yo anpil pou yo patisipe nan yon [fòmasyon Revizyon Deklarasyon](#), yo ofri regilyèman pandan tout sikl eleksyon an epi ki fèt pou ede kanpay yo konprann pwosesis odit anvan eleksyon an ak fason pou yo reponn a revizyon deklarasyon yo.